

RESIKLE KÒRÈKTEMAN



**Yon gid konplè sou fatra ak
resiklaj nan Delaware**

Chè Rezidan Delaware,

Resiklaj nan Delaware pa janm tèlman fasil. Gras ak Lwa Resiklaj Inivèsèl Delaware, chak kay, kote travay, lekòl, ak espas piblik gen aksè a yon pwogram resiklaj senp ak pratik.

An 2023, Delaware te resikle 38% dechè solid minisipal li yo, sa ki mete nou pi devan pase mwayèn nasyonal la. Men nou konnen nou kapab fè pi byen toujou. Avèk èd ou, nou ap travay pou depase objektif EPA a, ki se rive nan 50% pa 2030 — yon etap enpòtan ki pral ede kenbe kominote nou yo pi pwòp, ekonomi nou pi fò, ak anviwònman nou pi an sante.

Kèk bagay enpòtan pou sonje sou resiklaj nan Delaware:

Yon sèl sistèm pou tout eta a. Delaware itilize yon pwogram “single-stream” kote tout materyèl resiklaj yo ale nan menm resipyan an — pa bezwen klase yo. Gid sa a ap ede w idantifye sa ki kapab ak sa ki pa kapab resikle.

Kenbe atik resiklaj yo lib. Pa mete yo nan sak fatra plastik. Atik yo dwe rete lib pou yo kapab byen klase. Kèk materyèl bezwen pote nan sit espesyal — detay yo nan gid sa a.

Biznis, lekòl, ak restoran dwe patisipe. Lwa Resiklaj Inivèsèl Delaware egzije tout sektè komèsyal kenbe yon pwogram resiklaj epi pa melanje resiklaj ak fatra.

Sèvis resiklaj enkli ak koleksyon fatra. Lè ou abòne ak yon konpayi koleksyon fatra, yo dwe ba ou resipyan pou fatra ak resiklaj. Pifò moun Delaware gen aksè ak koleksyon devan kay yo. Pou moun ki pote pwòp fatra yo, gid sa a montre kijan pou jete materyèl yo byen atravè eta a.

Konpostaj ede redwi fatra nan depo yo. Fatig jaden ak rès manje okipe twòp plas nan depo fatra yo. Olye de sa, yo kapab konvèti yo an materyèl rich nan eleman nitritif. W ap jwenn resous sou konpostaj nan gid sa a.

Chak atik ou resikle, se yon atik an mwens nan depo fatra yo. Resiklaj ekonomize resous natirèl, sipòte travay nan endistri resiklaj la, epi pwolonje lavi enfrastrikti depo fatra nou yo.

Ann travay ansanm pou kontinye bati yon Delaware ki pi pwòp ak pi vèt pou jenerasyon kap vini yo.

Gid Kijan Pou Resikle nan Delaware sa a se yon kolaborasyon ant Delaware Solid Waste Authority (DSWA) ak Department of Natural Resources and Environmental Control (DNREC).

M ap ankouraje w sèvi avè l kòm yon resous, chèche fason pou diminye fatra, retilize sa ou kapab, epi resikle avèk responsabilite.

Mèsi paske w ap fè pati efò pou fè Delaware tounen yon lidè nan dirabilite.

Sensèman,




Gouvènè Matt Meyer

Tablo Kontni

4	Resiklaj nan Delaware	10	Lòt Atik
5	Dechè Domestik Danjere	11	Gwo Atik Fatra
6	Resiklaj Elektwonik	12	Konsèy Resiklaj
7	Pentil Latèks	13	FAQ
8	Detwi Dokiman	14	Resous Siplemanchè
9	Fatig Jaden & Konpostaj	15	Afich Referans Detachab



Kijan pou Resikle Kòrèkteman



Resiklaj jwe yon wòl enpòtan nan Delaware paske li kreye travay, diminye kantite fatra ki ale nan depo yo, epi pwolonje dire lavi yo. Efò resiklaj nan eta a dirije pa Règleman Resiklaj Inivèsèl (7 DE Admin Code 1305) ak Règleman sou Jesyon Fatra Solid (7 DE Admin Code 1301).

KIJAN POU RESIKLE KÒRÈKTEMAN



VID. PWÒP. SÈK.

Tout atik ou mete nan resipyan resiklaj ou a dwe vide tout sa ki ladan yo, netwaye nenpòt rezidi, epi asire yo sèk avan ou mete yo.

Poukisa?

Likid oswa rezidi ka sal papye, katon, ak lòt materyèl, sa ki fè yo vin pa bon pou resiklaj.



PA ITILIZE SAK

PLASTIK

Pa janm mete atik resiklaj nan sak plastik. Tout atik dwe mete lib nan resipyan resiklaj la.

Poukisa?

Sak plastik ka bloke machin yo, lakòz reta, oswa domaje ekipman an. Sant resiklaj yo pa kapab klase materyèl ki nan sak, e yo pa ouvri yo. Tout bagay ki nan sak yo ale dirèkteman nan depo fatra.

ENTÈDI SAK PLASTIK NAN DELAWARE

Depi 1 jiyè 2022, Delaware entèdi itilizasyon sak plastik nan kesye nan tout magazen (eksepte restoran). Panse pou pote pwòp sak reyitilizab ou lè w ap fè makèt!

OBLIGASYON RESIKLAJ POU KAY, BIZNIS, AK LEKÒL

Lwa Resiklaj Inivèsèl Delaware asire ke:

- Tout konpayi koleksyon fatra dwe bay sèvis resiklaj pou rezidan yo.
- Tout biznis, lekòl, òganizasyon san pwofi, ak biwo gouvènman dwe gen pwòp pwogram resiklaj pa yo.

RESIKLE KÒRÈKTEMAN EDE KENBE DELAWARE PWÒP AK DIRAB!



RESIKLAJ NAN DELAWARE



Resiklaj debaz = Resiklaj pi bon

PREPARE FATRA RESIKLAJ OU



**KENBE YO
VID, PWOP,
EPI SÈK**



**PA METE
RESIKLAJ
OU NAN
SACHE!**



**FÈ BWAT
KATON YO
PLAT**



**RAPÒTE SACHE
PLASTIK YO NAN
MAGAZEN AN**

PLASTIK



KONTEYNÈ PLASTIK DI

Bwat dlo, galon lèt, elatriye
KITE KOUVÈTI YO SOU YO

VÈ



BOUTEY AK BÒL VÈ

Pa gen vè fenèt, asyèt oswa glas

**RETIRE KOUVÈTI METAL YO
- RESIKLE YO APA**

PAPYE



KATON, BÒKS DLO, PAPYE

Papye ta dwe gwo sè kat postal

PA DWE GEN GRÈS OSWA RESI MANJE

METAL



ALIMINYÒM, ASYE, BÒKS TÈN
NETWAYE EPI VID

**RETIRE KOUVÈTI YO E METE
YO ANNDAN BÒKS LA**

✂ **PA AKSEPTÉ NAN PWOGRAM RESIKLAJ BÒ TROTWA DELAWARE** ✂



SACHE PLASTIK



BATRI



FATRA



ANMELE



RÈS MANJE



DECHÈ JADEN



**PWODUI PAPYE
POU KAY**



PAMPÈ



ELEKTWONIK



PAPYE KI TIKSÈ



ESTIYOFÒM



RÈS METAL



DSWA.COM



DE.GOV/RECYCLING



DECHÈ DOMESTIK DANJERE



DSWA ofri yon Pwogram Koleksyon Dechè Danjere pou Kay (HHW) gratis pou tout rezidan Delaware. Gen evènman chak semèn nan chak konte, ansanm ak evènman nan fen semèn pandan tout ane a.

Pou w wè orè aktyèl evènman koleksyon HHW yo, vizite dswa.com.



SA YO AKSEPTE

Atik nan kay

Bonbòn aerosol plen
Klò (bleach)
Vernis ak retire vernis
Pafè
Disinfektan
Pwodui pou netwaye drenaj
Sir pou planche
Tèmomèt ak mèki
Boul kont mit (naphtaline)
Pwodui pou netwaye fou
Pwodui pou retire tach
Pwodui pou netwaye twalèt
Anpoul flouresan
Pwodui pou pisin

Atik nan Atelye

Pinturas a base de aceite
Tanques pequeños de gas comprimido
Solventes
Tintes / barnices
Removedores / diluyentes
Preservantes de madera

Explosivos

Munición
Pólvora
Fuegos artificiales

Automotriz

Combustibles usados o mezclados
Anticongelante
Baterías de automóvil
Desengrasantes
Gasolina o queroseno de desecho

Jardín

Fungicidas
Herbicidas

Médico

Agujas usadas (sharps)



NO ACEPTADO

Medicamentos con receta
Asbesto
Deshumidificadores
Sustancias desconocidas
Contenedores con menos de 1" de material
Desechos radiactivos
Congeladores, refrigeradores o aires acondicionados

CONSEJOS ÚTILES

Lleve los materiales en sus envases originales y sellados.

No mezcle productos.

Para evitar fugas o roturas, empaque por separado en material absorbente o en triple bolsa.

Lleve trapos para limpiar cualquier derrame y deséchelos en el sitio de recolección.

Busque cajas de recolección para medicamentos con receta en la aplicación Recyclopedia.



RESIKLAJ ELEKTWONIK



DSWA bay sit gratuit pou depoze elektwonik nan chak konte 6 jou pa semèn epi li fè evènman espesyal chak samdi pandan ane a. Anpil aparèy elektwonik gen yon ti kantite plon, ajan, baryòm, kadmyòm, ak mèki, ki ka danjere si yo pa jere kòrèkteman.

Sepandan, materyèl sa yo ka ranmase epi reyitilize grasa ak demanifakti ak resiklaj. Pou yon lis sit depo gratis ak orè evènman yo, vizite dswa.com.

SA YO AKSEPTÉ

Egzanp atik yo akspete

Televizyon	Modèm
Enprimant	Disk di
Kopiè / Scanè	Telefòn selilè
Faks	Telefòn
Òdinatè pòtab / Tablèt	Ekràn òdinatè
iPod / JWÈ MP3	Fou mikwo-ond
Orepò òdinatè	Aspiratè
Klavye	Konsòl jwèt videyo
JWÈ DVD / VHS / CD	

KONSEY ITIL:


Si li gen yon fil oswa kòd, ou ka mete li nan bin resiklaj elektwonik yo.



*Gade kijan aparèy elektwonik ou
resikle yo vwayaje nan Delaware
Eskane pou gade videyo a*



PENTIL LATÈKS



DSWA ofri koleksyon pentil latèks gratis pou rezidan Delaware atravè yon koleksyon espesyal chak mwa nan kat sant resiklaj nou yo. Pwogram sa a ede anpeche penti yo fini nan depo fatra epi asire yo jete oswa reyitilize yo nan yon fason ki pwoteje anviwònman an.

Rezidan yo ka depoze penti ki fèt ak dlo (latèks) sèlman — penti ki fèt ak lwil, tach, ak lòt materyèl danjere dwe mennen nan yon evènman Dechè Domestik Danjere (HHW).

SA YO AKSEPTÉ

Bokit oswa bwat penti metal / plastik 1 kwart, 1 galon, oswa 5 galon

Resipyan ki gen mwens pase 1 pous penti kapab jete nan fatra regilye

DETWI DOKIMAN



DSWA ofri sèvis detwi papyè (shredding) gratis pou rezidan Delaware, atravè koleksyon chak mwa nan sant resiklaj yo ak evènman espesyal chak samdi pandan tout ane a.

Sèvis sa a bay yon fason ki an sekirite pou w jete dokiman sansib, pandan li ankouraje resiklaj ak rediksyon fatra.

SA YO AKSEPTÉ

Jiska 2 bwat dosye pou chak moun

Tanpri tcheke dokiman ou yo anvan ou rive — retire nenpòt atik ki pa fèt an papyè pou kenbe evènman an an sekirite epi mache byen!

JWENN ORÈ KONPLÈ A SOU [DSWA.COM](https://www.dswa.com)

FATIG JADEN AK KONPOSTAJ



Depi 2007, Delaware entèdi jete fatig jaden nan depo fatra pou diminye fatra ak ankouraje resiklaj. Rezidan yo ankouraje pou fè konpostaj, itilize mòch, oswa pote fatig jaden nan sit espesifik pou jete kòrèkteman.

KISA KI FATIG JADEN?

- Koupe zèb
- Branch ak touf
- Pye Nwèl

Branch pyebwa ki gen jiska kat pous nan dyamèt

SA KI PA FATIG JADEN?

- Fatig bèt kay
- Bwa konstriksyon
- Po flè
- Debri konstriksyon
- Tè oswa tè pou plante

KISA POU W FÈ AK FATIG JADEN OU?

Kite l: Itilize yon tondeuz ki fè mòch pou koupe fèy ak zèb, sa kreye angrè natirèl.

Fè konpostaj: Tounen fèy, zèb, ak ti branch yo an tè ki rich ak eleman nitritif.

Koupe l an mòch: Lwe yon machin chipper pou fè mòch ak branch yo.

Koleksyon devan kay: Kèk konpayi fatra ofri sèvis sa a.

Depo dirèk: Anpil kote nan Delaware, tankou sant DSWA yo, aksepte fatig jaden.

Jwenn plis enfòmasyon nan de.gov/yardwaste



Fè konpostaj

Konpostaj fatig jaden ak rès manje nan kwizin diminye kantite fatra ki ale nan depo yo pandan li kreye yon tè ki rich ak eleman nitritif pou jaden ou.

Amelyore sante tè a: ranfòse estrikti, teksti, ak vantilasyon tè a, fè rasin plant yo pi solid.

Bay eleman nitritif: lage eleman esansyèl yo piti piti pou kwasans plant yo kontinye.

Ankouraje òganis itil: anrichi lavi nan tè a epi ankouraje yon ekosistèm ki pi an sante.

Diminye itilizasyon pwodui chimik: bese bezwen angrè epi anpeche polisyon ki soti ak dlo k ap koule.

Ekonomize dlo: ede tè a kenbe imidite, diminye bezwen wouze.

Redwi fatra: retire anviwon 20% oswa plis nan fatra w yo nan depo fatra.

Plis enfòmasyon sou konpostaj nan de.gov/composting



Lòt Atik



BATRI

DSWA kolabore ak Call2Recycle pou bay pwen koleksyon batri pou rezidan Delaware. Sit sa yo pèmèt moun resikle batri rechajab ak batri yon sèl itilizasyon.



ANPOUL AK TIB FLOURESAN

Pote anpoul ak tib flouresan nan yon evènman koleksyon Dechè Domestik Danjere (HHW) pou jete yo an sekirite. Yo gen mèki ladan yo, ki ka danjere si li lage nan anviwònman an.



KATOUCH LANK AK TÒNE

Kontakte yon magazen biwo oswa elektwonik pou konnen opsyon resiklaj yo. Kèk konpayi ofri pwogram rekipere ak ka bay bwat koleksyon tònè pou biwo oswa lekòl ou.



LWIL MOTÈ AK FILTÈ

Lwil motè ki pa melanje ak lòt gaz oswa pwodui chimik aksepte nan kèk sant resiklaj DSWA. Vizite dswa.com pou jwenn sant ki pi pre ou.



MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON

Medikaman ou pa itilize yo dwe jete kòrèkteman pou evite danje. Bwat koleksyon medikaman yo disponib tout kote nan Delaware pou jete an sekirite. Chèche kote yo nan aplikasyon Recyclopeda a.



STYROFOAM (PLASTIK KIM)

Styrofoam pa aksepte nan resiklaj devan kay, men DSWA asosye ak DART Container pou kolekte li nan kèk sant resiklaj espesifik DSWA.

GWO ATIK FATRA



APARÈY ELEKTWO-DOMESTIK

Resikle aparèy tankou èkondisyone fenèt, frijidè, frizè, machin pou lave, sechwa, dezimidifikatè, ak chofaj dlo nan depo fatra oswa estasyon transfè DSWA pou yon frè.

DEBRI KONSTRIKSYON AK DEMOLISYON



Jiska 80 % nan fatra konstriksyon melanje yo kapab resikle. Materyèl yo aksepte yo gen ladan katon, tapi, plafon, beton, planch jipson, palèt, papyè, plastik, debri, metal, tòl, ak bwa.

Aprann plis sou sit revolutionrecovery.com oswa rele 302-356-3000.

KAWOTCHOU UTILIZE



Rezidan Delaware ka jete kawotchou itilize nan depo fatra ak estasyon transfè DSWA. Yo ka jete jiska kat kawotchou an menm tan pou frè nòmal la. Pou plis pase kat kawotchou, gen yon frè siplemantè pou chak kawotchou.

DNREC gen yon pwogram pou retire gwo kantite kawotchou fin itilize (50 oswa plis). Pou plis enfòmasyon, rele 302-739-9403.



KONSÈY ENPÒTAN POU RESIKLAJ



Men kèk nan pi bon konsèy pou fè pwosesis resiklaj la mache byen ak efikas. Si w swiv direktiv sa yo, w ap asire materyèl resiklaj ou yo byen klase.

PA METE SAK PLASTIK NAN RESIPYAN RESIKLAJ YO

Sak plastik yo bloke machin yo.

Tout atik resiklaj yo dwe mete lib, vid, pwòp, ak sèk.

Sak plastik yo pap louvri nan sant resiklaj la; yo voye yo dirèk nan depo fatra.

Ou ka retounen yo nan makèt oswa mete yo nan fatra nòmral la.

KENBE KOUVÈTI YO SOU BOUTÈY PLASTIK YO

Dejar las tapas puestas ayuda a mejorar el proceso de separación en la planta de reciclaje.

RETIRE KOUVÈTI METAL SOU BOKAL VÈ YO, MEN RESIKLE TOU DE

Si yo pa retire yo, yo ka fini melanje ak vè ki kraze a.

PA METE BOKS PIZZA KI SAL

Chire epi resikle pati ki pwòp la; jete pati ki gen lwil oswa manje.

PA METE PAPYE KI TRITURE

Moso yo twò piti pou klase yo kòrèkteman.

PA METE BATRI OSWA APARÈY ELEKTWONIK NAN RESIKLAJ

Atik sa yo ka lakòz dife nan kamyon oswa nan sant resiklaj yo. Pote yo nan yon sant depo DSWA.

PA METE KÒD, FIL, TIB, OSWA LIMYÈ NÒWÈL

Yo rele materyèl sa yo "tangles" paske yo ka bloke machin yo.

OU TOUJOU GEN KESYON?

Sèvi ak zouti rechèch Recyclopeda a pou w konnen si yon atik kapab resikle lakay ou, si w dwe mennen li nan yon sit depo, oswa si w dwe jete li nan fatra.

Telechaje aplikasyon Delaware Recyclopeda a oswa vizite de.gov/recyclopeda



Kesyon yo Poze Souvan (FAQ)

Ki egzijans Lwa Resiklaj Inivèsèl Delaware mete sou konpayi koleksyon fatra yo?

Lwa a egzije tout sèvis koleksyon fatra, swa minisipal swa komèsyal, pou (1) retire fatra pou depo nan depo fatra, epi (2) kolekte resiklaj “single-stream”, kote tout atik yo mete lib nan menm resipyan an.

Poukisa fatig jaden yo entèdi nan depo fatra?

Fatig jaden reprezante yon gwo pati nan fatra yo jete epi li fasil pou fè konpostaj. Fè konpostaj ede ekonomize espas nan depo yo, diminye depans jete, epi pwodwi mòch ak konpòs ki itil.

Kijan pou m jete zegwi oswa “sharps”?

Mete tout zegwi yo nan yon resipyan plastik ki di (tankou yon bokit medikal wouj oswa yon boutèy detèjan). Fèmen kouvèti a byen, kole l ak tep, epi pote resipyan an nan yon evènman gratis pou koleksyon Dechè Domestik Danjere (HHW).

Kisa k fèt ak papye yo nan evènman pou detwi dokiman?

Yon travayè ap retire papye yo nan machin ou epi mete yo nan yon gwo resipyan. Lè resipyan an plen, yo vide li dirèkteman nan yon kamyon “shredder” kote papye yo detwi touswit ak an sekirite. Nan fen evènman an, kamyon an mennen papye ki triture yo dirèk nan yon sant resiklaj. Asire w ou tcheke dokiman ou anvan ou rive pou retire nenpòt materyèl ki pa fèt ak papye.

Kijan pou m jete penti lè gen mwens pase yon pous ki rete?

Si bokit la gen mwens pase yon pous penti, melanje l ak sab oswa sab chat, kite l sèk, epi jete l nan fatra nòmal. Si bokit la gen plis pase yon pous, pote l nan yon evènman koleksyon penti latèks oswa Dechè Domestik Danjere (HHW).

Ki aparèy elektwonik mwen ka resikle?

Nenpòt atik ki gen kòd oswa plòg — tankou aparèy kwizin, fil, televizyon, oswa limyè Nwèl — aksepte. Disk di, òdinatè pòtab, telefòn selilè, ak lòt aparèy ki gen done aksepte tou, epi yo efase done yo an sekirite.

Kisa k fèt ak aparèy elektwonik mwen yo apre mwen depoze yo?

Aparèy yo estoke an sekirite jiskaske yo ranmase yo. Nan etablisman an, tout done efase nèt, epi materyèl yo swa reyitilize oswa kraze pou resiklaj.

Kijan pou m jete gwo aparèy kay yo?

Gwo aparèy tankou frijidè, frizè, dezimidifikatè, èkondisyonè, machin pou lave asyèt, machin pou lave, oswa sechwa ka mennen nan yon depo fatra oswa estasyon transfè DSWA, kote yo chaje yon frè nòmal.



PWOGRAM EDIKASYON ANVIWONMAN



New Castle, DE



Dover, DE

SA NOU OFRI...

- Ekskirsyon ak pwogram edikatif gratis pou tout nivo lekòl.
- Leson yo konsantre sou resiklaj, jesyon fatra, ak konpostaj.
- Pwogram yo aliyen ak Nouvo Nòm Syans Nouvo Jenerasyon (NGSS).
- Kontni an ka adapte ak nenpòt pwogram lekòl.
- Mande enfòmasyon sou sibvansyon ranbousman transpò!

KONEKTE AVÈ NOU...
dswaeducation.com
1-800-404-7080





Resous

DSWAEDUCATION.COM



Rezèvasyon pwogram edikatif

Resous pou pwofesè



Sèvi ak zouti rechèch Recyclopedia a pou w konnen si yon atik kapab resikle lakay ou, si w dwe pote li nan yon sant depo, oswa si w dwe jete li kòm fatra.

RECYCLOPEDIA



Telechaje aplikasyon Delaware Recyclopedia a oswa vizite
de.gov/recyclopedia



Kontak


DNREC- Delaware Recycles
302-739-9403
de.gov/recycling

Delaware Solid Waste Authority
1-800-404-7080
dswa.com



Sant DSWA

Pou itilizasyon rezidan Delaware sèlman





**DELAWARE
RECYCLES**
It's second nature.

